



Pou Piblikasyon Imedya: 20/10/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PWOGRAM POU PWOLONJE SEZON LAPÈCH LA
EPI AMELYORE RENOME EKSPERYANS LAPÈCH LA NAN LWÈS NEW YORK**

***Dlo reglemante ki soti nan Kanal Erie pou ale nan Afliyan Lak Ontario yo ogmante
opòtinite pou lapèch klas mondyal***

***Pwogram pilòt nan kad inisyativ Re-imagjine Kanal yo ap bay touris, ak biznis nan
konte Monroe, Orleans, ak Niagara yo bourad***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a, kòmansman yon nouvo pwogram pilòt, nan kad inisyativ Re-imagjine Kanal yo ki itilize dlo ki soti nan Kanal Erie a pou amelyore opòtinite lapèch ki deja gen renome nan Lwès New York. Pwogram nan, ki te premye anonse nan kad diskou Gouvènè a sou [Sitiyasyon Eta a](#) nan janvyè 2020, ap ankouraje Nouyokè ak vizitè yo fè eksperyans sistèm Kanal eta a nan yon fason diferan, pandan y'ap devlope touris la epi bay ti biznis yo nan rejyon an bourad.

"Sezon otòn sa, New York ap amelyore kèk nan lapèch klas mondyal nou yo epi ogmante opòtinite pou pechè yo nan desanm nan lè nou itilize dlo ki soti nan Kanal Erie a pou ranfòse kondisyon pou lapèch yo epi pwolonje sezon an", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Antanke yon pechè, mwen kontan pou wè afliyan fantastik Lak Ontario yo pral akeyi eksperyans ki pi bon toujou pou pechè yo. Itilizasyon inovan enfastrikti anblematik la ap kontinye tradisyon solid ekotouris nou an pandan l'ap sipòte ti biznis nou yo."

Canal Corporation Eta New York ap libere dlo ki soti nan Kanal Erie a nan afliyan Lak Ontario yo nan fason metodik, k ap ogmante nivo dlo ak kouran yo epi ankouraje pwason yo vwayaje pi lwen kont kouran an, ki elaji espas pou kondisyon lapèch ideyal. Anplis, Canal Corporation ap pwolonje drenaj anyèl kanal la nan Lwès NY pou kreye yon sezon ki pi long pou pechè yo.

Otòn sa, Canal Corporation te ogmante dlo ki reglemante ki koule nan kouran prensipal Konte Orleans ak Monroe—Oak Orchard Creek ak Sandy Creek yo. Nan kòmansman novanm ak kòmansman desanm, tout lòt afliyan [Lak Ontario](#) yo, Eighteenmile, Johnson, Oak Orchard, Sandy ak Salmon Creeks, ap obsève kouran ki pi wo. Sa ap atire plis tuit mawon, tuit lakansyèl, ak popilasyon somon Atlantik ak Pasifik yo pou monte nan kouran sa yo, k'ap amelyore kondisyon lapèch yo epi ogmante opòtinite pou pechè lokal ak vizitè yo.

Gil C. Quiniones, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral NYPA, te deklare, "Ane sa, Kanal Erie te yon kòd sovtaaj pou estimile ekonomi nan nò eta New York. Nou fyè pou lanse pwogram sa - k ap mete yon pwojektè sou opòtinite lapèch nou epi k'ap akeyi nouvo pechè nan kominote lapèch nou an - k'ap bay Nouyokè yo yon lòt fason ankò pou re-imagjine kanal yo epi pwofite de resous dlo li yo".

Direktè New York State Canal Corporation, Brian U. Stratton, te deklare, "Lapèch sou afliyan Lak Ontario yo te deja yon eksperyans klas mondyal epi byen koni pou pechè ki eksperimante yo. Nou fyè ke enfrastrikti Kanal nou an ka itilize pou amelyore eksperyans lapèch pou Nouyokè yo api yon katalizè pou redemare ekonomi nan Lwès New York New York."

Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) la, Basil Seggos te deklare, "Pwojè pilòt Re-imagjine Kanal yo ap ankouraje plis Nouyokè toujou soti epi pwofite de resous natirèl eta nou an. Dlo ki libere a ap benefisyè lapèch nan dlo sa yo ak piblik pechè a alafwa lè yo bay bon jan opòtinite lapèch, bay touris la bourad epi sipòte ekonomi lokal yo".

Pandan tout dire pwogram nan, Kanal la ak dlo afliyan yo ap kontwole pou kantite ak kalite pou dokimante siksè pwojè pilòt la. Pou detay ak plis enfòmasyon, tanpri vizite [sitwèb](#) Canal Corporation an.

Otòn sa, DEC a ap raple tout pechè yo pou yo ENTELIJAN lè y'ap peche epi pou yo atantif epi pran prekosyon pou kanpe pwopagasyon COVID-19 la:

- **Distans sosyal** a omwen sis pye distans;
- **Mask** - Mete youn lè ou pa ka kenbe distans sosyal la, espesyalman nan paking ak sou tout santye yo;
- **Evite** pataje ekipman lè li posib;
- **Respekte** kamarad pechè parèy ou ak resous lè w bay espas epi pratike lapèch ak etik; epi
- **Ramase** sa ou pote oswa mete fatra yo nan resipyan.

Sezon ete ki pase a, DEC ak Biwo Pak, Lwazi ak Konsèvasyon Istorik la (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation) te lanse Kanpay [PLAY SMART * PLAY SAFE * PLAY LOCAL](#) pou ankouraje tout Nouyokè pou amize yo nan tout sekirite, nan fason ki responsab epi lokalman epi pou toujou trete konpayon avantirye anplennè yo ak respè. Kanpay lan envite moun pou pran angajman pou PLAY SMART * PLAY SAFE * PLAY LOCAL, epi fè pwomès pou itilize sans komen pou pwoteje tèt yo ak lòt moun lè y'ap amize yo anplennè. Pandan repons kontini Eta a kont COVID-19 la, Nouyokè atravè eta a vle epi yo bezwen soti pou yon poz nan lanati, ki bon pou sante fizik ak mantal yo.

Kanpay ak angajman an enkli enstriksyon sans komen pou rekreyasyon ki entelijan epi san danje, ki enkli entegrasyon distans sosyal, ak mete yon mask vizaj, planifye depasman yo davans, chwazi yon destinasyon ki toupre lakay paske twalèt piblik ak

restoran yo ka pa ouvri, epi vizite nan lè ki pa lè biwo. Ajans yo ankouraje Nouyokè yo tou pou pran [angajman](#) an epi itilize hashtag #PlaySmartPlaySafePlayLocal lè y'ap pataje avanti anplennè yo sou rezo sosyo.

Yo konseye Nouyokè yo vivman pou planifye avanti deyò yo davans epi chwazi destinasyon altènativ yo si premye chwa yo a fèmen oswa gen anpil moun. Verifye [parks.ny.gov](#) ak 511 pou alèt pou fèmti akoz kapasite pak la epi vizite lokalizatè DECinfo pou jwenn teren DEC jere ki pi pre yo. Sitwèb DEC ak Pak Eta yo prezante enstriksyon tou pou ede Nouyokè yo angaje nan aktivite deyò ki enkli naj, lachas, lapèch, monte bato, gòlf ak randone nan tout sekirite. Espas andedan ak twalèt nan Pak Eta yo ak etablisman piblik DEC yo ka rete fèmen pa prekosyon pou anpeche pwopagasyon kominotè COVID-19 la, kidonk, nou ankouraje Nouyokè yo rete lokal, nan rejyon yo, epi itilize hashtag #RecreateLocal sou rezo sosyo yo.

Pou plis enfòmasyon sou fason pou PLAY SMART * PLAY SAFE * PLAY LOCAL, vizite [sitwèb](#) DEC a.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](#)
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](#) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)